



Pwosesis Pou Fè Apèl

Sekirite Sosyal vle asire tout desizyon ki pran sou demann Sekirite Sosyal ou oswa sou demann Revni Sekirite Siplemantè ou (SSI) kòrèk. Nou considere avèk prekosyon tout enfòmasyon ki nan dosye ou anvan nou pran desizyon ki afekte elijiblite ou oswa kantite lajan benefis ou.

Lè nou pran yon desizyon sou demann ou, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou desizyon nou an. Si ou pa dakò avèk desizyon nou an, ou ka fè apèl—ki se yon fason pou mande nou pou gade dosye ou ankò.

Lè ou mande pou gen yon apèl, n ap gade tout desizyon an nèt, menm pati ki te anfavè ou yo. Si desizyon nou an pa t bon, n ap chanje li.

Kilè ak kòman mwen ka fè apèl?

Si ou deside fè apèl, ou dwe fè demann ou alekri nan 60 jou ki vin apre dat ou resevwa lèt nou. Nou sipoze ou resevwa lèt la senk (5) jou apre dat ki sou lèt la, sof si ou ka montre nou ou resevwa li pita. Rele biwo lokal Sekirite Sosyal ou si ou bezwen èd pou fè apèl.

Si ou te aplike pou avantaj Sekirite Sosyal oswa pou SSI epi ou te jwenn refi pou rezon medikal, ou ka mande yon kontestasyon nan Entènèt sou sitwèb nou, www.socialsecurity.gov/disability/appeal.

Konbyen nivo apèl ki genyen?

Anjeneral, gen kat (4) nivo apèl. Men yo:

- Rekonsiderasyon;
- Yon jij lalwa administraif prezide odyans lan;
- Konsèy Apèl fè revizyon; epi
- Revizyon nan Tribunal Federal.

Lè nou voye yon lèt ba ou konsènan yon desizyon sou demann ou, n ap fè ou konnen fason pou ou fè apèl kont desizyon an.

Rekonsiderasyon

Yon rekonsiderasyon se yon revizyon okonplè yon moun fè sou demann ou an. Moun sa a pa t patisipe nan premye desizyon an. N ap egzamine tout prèv ki te soumèt lè nou te pran premye desizyon an, plis nenpòt nouvo prèv.

Pifò rekonsiderasyon konsène yon revizyon dosye ou yo san ou pa bezwen prezan. Men lè ou fè apèl kont yon desizyon ki fè konnen ke ou pa elijib ankò pou resevwa

benefis maladi/enfimite paske eta sante ou amelyore, ou ka rankontre avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal pou ou eksplike rezon pouki ou toujou kwè ou malad/enfim.

Odyans

Si ou pa dakò avèk desizyon rekonsiderasyon an, ou ka mande pou gen yon odyans. Odyans lan ap fè devan yon jij lwa administrasyon ki pa t patisipe nan premye desizyon an oswa nan rekonsiderasyon dosye ou.

Anjeneral, odyans lan fèt sou yon distans 75 mil avèk lakay ou. Jij lwa administratif la ap fè ou konnen kilè ak ki kote odyans lan ap fèt.

Anvan odyans lan, nou ka mande ou pou ban nou plis prèv epi pou eklèsi enfòmasyon yo sou reklamasyon ou. Ou ka gade enfòmasyon ki nan dosye ou pou ban nou nouvo enfòmasyon.

Nan odyans lan, jij lwa administratif la ap kesyonne ou ak nenpòt temwen ki vini avèk ou. Lòt temwen yo, tankou espè medikal oswa espè pwofesyonèl, ka ban nou enfòmasyon nan odyans lan tou. Oumenm oswa reprezantan ou ka poze temwen an kesyon.

Nan sèten sitiyasyon, nou ka organize odyans ou nan videoyo-konferans olye ou vini an pèsòn. N ap fè ou konnen davans si se sa k ap fèt. Avèk odyans nan videoyo a, nou kapab fè odyans lan pi fasil pou ou. Souvan nou kapab pwograme pou fè yon odyans nan videoyo pi vit pase pou nou fè odyans lan avèk ou an pèsòn. Epitou, kote pou fè yon odyans nan videoyo ka pi pre lakay ou. Sa ta fè li pi fasil pou ou pou jwenn temwen oswa lòt moun pou akonpaye ou.

Anjeneral, li pi bon pou ou pou patisipe nan odyans lan (an pèsòn oswa nan videoyo-konferans). Oumenm ak reprezantan ou, si ou gen youn, ta dwe vini nan odyans lan pou eksplike dosye ou.

Si ou pa kapab patisipe nan yon odyans oswa si ou pa vle fè sa, ou dwe fè nou konnen rezon an alekri imedyatman ou kapab. Ou p ap gen pou ale nan odyans lan, sof si jij lwa administratif la kwè prezans ou nesesè pou pran desizyon sou dosye ou, epi si li egzije pou ou vini nan odyans lan. Oswa nou anmezi pou fè lòt aranjman pou ou, tankou chanjman lè oswa kote pou fè odyans ou. Ou dwe gen yon rezon valab pou nou fè lòt aranjman yo.

Apre odyans lan, jij la ap pran yon desizyon selon tout enfòmasyon ki nan dosye ou, epitou selon nenpòt nouvo enfòmasyon ou bay. N ap voye yon lèt ansanm avèk yon kopi desizyon jij la ba ou.

(lòt bò a)

Konsèy Apèl

Si ou pa dakò avèk desizyon odyans lan ou ka mande pou Konsèy Apèl Sekirite Sosyal fè revizyon. N ap kontan pou ede ou mande pou ou gen revizyon sa a.

Konsèy Apèl la ap egzamine tout demann revizyon yo, men li ka refize yon demann si li kwè desizyon odyans la te kòrèk. Si Konsèy Apèl la deside revize dosye ou, se oubyen li pran yon desizyon sou dosye ou poukонт li, oubyen li retounen li bay yon jij lalwa administratif pou yon lòt revizyon.

Si Konsèy Apèl la refize demann ou pou ou gen yon revizyon, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou refi a. Si Konsèy Apèl la revize dosye ou epi li pran yon desizyon poukонт li, n ap voye yon kopi desizyon an ba ou. Si Konsèy Apèl la retounen dosye ou ba yon jij lalwa administratif, n ap voye yon lèt ak yon kopi desizyon an ba ou.

Tribinal Federal

Si ou pa dakò avèk desizyon Konsèy Apèl la oswa si Konsèy Apèl la deside pou li pa revize dosye ou, ou ka entante yon pwosè nan yon tribunal federal. Lèt n ap voye ba ou konsènan desizyon Konsèy Apèl la ap fè ou konnen tou fason pou mande yon tribunal pou gade dosye ou.

Èske benefis mwen yo ap kontinye?

Nan kèk ka, ou ka mande nou pou kontinye peye avantaj ou yo pandan n ap pran yon desizyon sou kontestasyon ou. Ou kapab mande pou avantaj ou yo kontinye lè:

- W ap konteste desizyon nou ki endike ou pa kapab resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou andikap ankò paske pwoblèm medikal ou pa yon andikap; oswa
- W ap konteste desizyon nou ki endike ou pa kalifye ankò pou resevwa peman SSI, oswa nou ta dwe diminye oswa sispann peman SSI ou.

Si ou vle benefis ou yo kontinye, ou dwe fè nou konnen sa nan dis jou ki vin apre dat ou resevwa lèt nou. Si apèl ou a rejete, ou ka gen pou remèt tout kantite lajan ou pa t elijib pou resevwa.

Èske yon moun kapab ede mwen?

Wi. Anpil moun regle pwòp apèl Sekirite Sosyal yo avèk èd gratis Sekirite Sosyal. Men ou ka chwazi yon avoka, yon zanmi oswa yon lòt moun pou ede ou. Moun ou deziyen pou ede ou a rele "reprézantan" ou. N ap travay avèk reprézantan ou menm jan nou ta travay avèk ou.

Reprézantan ou ka aji pou ou nan pifò afè Sekirite Sosyal epi l ap resevwa yon kopi nenpòt desizyon nou pran konsènan demann ou.

Reprézantan ou pa kapab fè ou peye oswa li pa kapab touche yon frè nan men ou si li pa gen otorizasyon Sekirite Sosyal alekri. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon reprézantan, mande *Your Right To Representation (Dwa Ou Pou Reprézantasyon)* (*Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC*), oswa ou kapab jwenn li nan Entènèt sou sitwèb nou.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo 1-800-772-1213 (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, 1-800-325-0778). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprézantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.